



## PYÈS B

### AVI REFERANDÒM SOU OBLIGASYON POU YON NOUVO LOKAL SEKIRITE PIBLIK (LAPOLIS) KI AP FÈT NAN DAT 19 MAS 2024

#### VIL RIVIERA BEACH, FLORID

Ki ap fèt 19 Mas 2024, jan sa di nan Rezolisyon Nimewo 26-23 ("Rezolisyon" an) Vil Riviera Beach, Florid ("Vil" la) ki te adopte 2 Out 2023.

Sa se yon avi ki bay pou di ke pral genyen yon referandòm sou obligasyon nan Vil la 19 Mas 2024, ikonpri tout dat vòt antispe yo ("Referandòm" nan), pou detèmine si Vil la dwe otorize pou emèt obligasyon jeneral nan Vil la pou yon montan global ki pa depase Trannsenk Milyon Dola (\$35,000,000) ("Obligasyon" yo) nan objektif prensipal pou finanse oswa ranbouse, tout oubyen yon pati, ansanm avèk lòt fon legal ki disponib, kou pou achte, konstwi, ekipe ak amelyore yon nouvo lokal sekirite piblik (Lapolis) pou Vil la, jan tout sa dekri nan Rezolisyon an. Obligasyon yo ap garanti apati yon gaj bòn fwa, kredi ak pouvwa taksasyon ad valorem san limit Vil la. Obligasyon yo kapab emèt pa youn oswa pa seri detanzantan, yo ap bout nan yon moman oswa plizyè moman ki pa depase trant (30) lane apati dat yo te emèt la, e yo ap pote enterè ak yon to oswa plizyè to ki pa depase to enterè maksimòm nan moman vant lan.

Rezolisyon an otorize òganizasyon Referandòm nan ak emisyon Obligasyon yo, e yo ap fèt annakò ak Rezolisyon an. Rezolisyon an disponib pou konsiltasyon nan biwo Grefye Vil la, 600 W. Blue Heron Boulevard, Riviera Beach, Florida 33404, nan lè biwo, 8:00 a.m. pou 5:00 p.m., Lendi pou rive Vandredi.

Annakò ak Konstitisyon ak Lwa Eta Florid yo, tout elektè Vil la ki kalifye ap gen dwa epi otorize pou vote nan Referandòm nan. Biwo vòt sou Referandòm nan ap ouvè apati 7:00 a.m. pou rive 7:00 p.m. 19 Mas 2024, epi ap òganize nan espas pou vòt nan plizyè katye nan Vil la. Nou ka kontakte Grefye Vil la nan adrès ak lè ki nan paragraf anlè a pou nou ka konnen lè ak kote pou nou fè vòt antisipe yo.

Vil la ap otorize pou emèt Obligasyon yo sèlman si yon majorite nan elektè kalifye Vil la ki vote nan Referandòm nan vote pou apwouve emisyon sa a.

Sou lòd Konsèy Minisipal Vil Riviera Beach, Florid

Jawanna King, 10/10/23

GREFYE VIL,  
VIL RIVIERA BEACH, FLORID